ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я газет Газета Парламента и Правительства КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№118 (22.026) ● 2011 гъэм мэкъуауэгъуэм (июньым) и 24, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Зэгъэзахуэм мыхьэнэ ин иIэщ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэм Правительствэм щыхухаха зэманым хиубыдэу депутатхэр щытепсэлъыхьащ «Энергиер зэгъэзэхуэным, ар къыз эрагъэсэфэным къит фейдэм хэгъэхъуэным икIи Урысей Федерацым и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» Федеральнэ законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм гъэзэщIа зэрыщIхьыр.

АБы ТЕУХУАУЭзэIуцIэм къыщыпсэлъащ КЪБР-м Тарифхэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщI **Уэлджыр Жыраслъэн**. Абы зэрыжиIамкlэ, мы законыр федеральнэ Iэнатlэм къыщыдалъытэу зыхъуэжыныгъэхэр халъхьащ «2009 - 2013 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм электроэнергетикэм зыщIагъэужьыныр энергиер къыщыдэгъэхуэныр» республикэ программэ хэлъ.

2010 гъэм къриубыдэу республикэм щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ и орган псоми энергиер зэгъэзэхуэныр ар къыз эрагъэсэфэным къит фейдэм хэгъэхъуэныкIэ мунициальнэ программэхэр, Гъэзэщlакlуэ властым и органхэм - энергиер зэгъэзэхуэныкIэ ведомствохэм я планхэр зэхалъхьэри къащтащ.

Къалэну зыхуагъэувыжауэ щытащ Iэнатlэ псоми энергетикэ и лъэныкъуэкIэ щыIэ щытыкIэр 2012 гъэм дыгъэбазэм и 31-м щIалэщытыкIыну, игъэувэ мардэхэм къриныубыдэж уэздыгъэу къагъэсэбэпхэр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм ирихьалIэу зэрахъуэкIыну, республикэм и бюджет Iухъущлапlэ псори къагъэсэбэп энергиер къыз эрабж Iэмэпсымэхэмкlэ къызэрагъэпэщыну.

Законым къигъэув Iухъхэмрэ программэм щыубзыхуа лэжьыгъэхэмрэ зэфIагъэхIын папщIэ, 2011 гъэм бюджет мыгъэу сом мелуан 26,3-рэ трагъэкIуэдэн хуейщ. Ауэ мы гъэм абы щыщу къаутIыщыфынрэ сом мелуан 16-щ. Ар трагъэкIуэдэну я мурадщ республикэм и бюджет Iэнатlэм хиубыдэ Iухъущлапlэхэр хуабэ энергиер къыз эрапщ Iэмэпсымэхэмкlэ къызэрагъэпэщыным, КЪБР-м электроэнергетикэм зыщIагъэужьыныкIэ схемэмрэ программэмрэ зэхэлъхьэным.

Уэлджыр Жыраслъэн зэрыжиIамкlэ, 2011 гъэм и appэ мазищым и къурыбдэу республикэм и экономикэм и Iэнатlэхэм энергиер къыдэзыгъахуэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэу 75-рэ щагъэзэщIащ икIи, абыхъэм я фIыщIэкlэ, сом мелуан 26,2-рэ, электрокъарууэ киловатт-сыхьэт мелуани 4,4-рэ, хуабэ энергиеу гигакалорие мини 7,9-рэ, газу кубометр мелуани 2,6-рэ къыдагъэхуащ.

Къэпсэлъам къыз эриIыпэтэмкlэ, иджыпсту нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэнщ энергиер къыдагъэхуэным тещIыхьа лэжьыгъэхэм ятекIуэдэну ахъшэр къыз эгъэпэщыну. Апхуэдэу федеральнэ Iэнатlэм пыухыкIауэ щабубзыхуэпхъэщ законым къигъэувэр щагъэззэщIэну пIалъэхэр. «Ди республикэм иджыпсту щыIэ щытыкIэр къэлпытэмэ, законым къигъэувэ Iухъу нэхъыщхьэхэр щагъэзэщIэну пIалъэхэр гъэIэпхъуэным хуэгъэзэ закон мардэхэр къэщтэныжкIэ ди парламентархэм жэрдэм къыхалъхьапхъэу къыщIэкIынущ», - жIащ Уэлджыр Жыраслъэн.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ и къуэдзэ **Бозий Натбий** акъылэгъу хъущ Федеральнэ законым ныкъусаныгъэ пыухыкIахэр зэрыхэпъыжкIэ. «А ныкъусаныгъэхэр нэрылъагъу къэхъущ мы хабзэ мардэр гъэзэщIэным дыщелэжь лъэхъэнэм. Абы иубзыху мардэ хэхахэр пхуэгъэзэщIэнукъым», - жIащ вице-спикэрым. Апхуэдэу абы депутатхэм ягу кIыгъэкIыжащ Урысейм и щIыналъэм зэман куэд щIауэ къыщагъэсэбэп уэздыгъэхэр энергиер къыдэзыгъахуэ уэздыгъэхэмкlэ зэрагъэхъыну къызэригъэзыжащ. Щапщтэмэ, 2011 гъэм щIыналъэм и 1-м щегъэжьауэ ватти 100 хъу уэздыгъэхэр, 2014 гъэм щIыщIэм и 1-м щегъэжьауэ адрей уэздыгъэ псори яцэну хуимыту ягъэуващ. Ауэ а зэманым мардэм щIыхуэхэр гугъуехь пIыухыкIахэм хидзащ. Псом хуэдиз щIыналъэ щIагъэужьыгъэ энергиер къыдэзыгъахуэ уэздыгъэхэр Урысейм мащIэ дыдэу фIэкI зэрыщамыщIыр, абы къыхэкIыу я уэздыгъэхэр нэгъуэщI къэралхэм щIэгъэхуэбжьауэ къраш.

Абы къыщыдалъытэу, энергиер къыдэзыгъахуэ уэздыгъэхэр я нэхъыбапIэкlэ джынаду къагъэсэбэнырэ ящI, абы къыхэкIыу ахэр дэнэ дежи щыхьифIэбдзэ хъунукъым. Аращи, ар зэхуэзыхьэс, зэрыхуэфащэкlэ елэжь предприятэ къыдэзыгъахуэ щIагъэужьа. «Нобэм къэс зы жылагъуэ диIэкъым джынаду зэрыт уэздыгъэхэм ящыщу мыхъужкъэр щыIэзэхуэсыжу. Абы къыхэкIыу щIыхуэхэм я узынщагъэм зэранигъэ игуэтынкlэ хъунущ», - жIащ Бозий Натбий икIи законодательствэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ доклад зэщIам къиIэта Iуэхур дибыгъащ.

Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэзэIуныманкlэ, регламентымкlэ, депутат хьэл-щэнымкlэ и комитетым и унафэщI **Щыхъэлы Заирэт** щIэупщIащ дызэрыт илъэсым кьрибыдэу электрокъарум и уасэм зэрызихъуэжьынкlэ хъунум. Абы и жэуапу Уэлджыр Жыраслъэн зэрыжиIамкlэ, апхуэдэ унафэр къэзыщтэр федеральнэ Iэнатlэрщ, зэкlэ тарифхэм хагъэхъуэну псалъэмакъ щыIэкъым. «Экономикэ гъабжьэ нэс зимыIэ тарифхэр къащтэнкъым», - игъэгугащ депутатхэр доклад зэщIам икIи къыщIигъэжащ къыдэзыгъахуэ Iуэхугъэбзэкъа я тарифу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щызекIуэкIэр зэрыщыту Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм елытагъэ нэхъ зэпIэзэрыту къэпIуэтэ эрыхьунур.

Парламентым и Унафэщ **Чеченов Ануар** къыкlэщхьэхуэкIащ энергиер къыдагъэхуэныкIэ зэкIыпIэ нэхъыщхьэр сэбэныщэу афIэкIуэд электрокъарур, псыр, газыр, нэгъуэщIхэри гъэмэщIэныр арауэ зэрыщытыр. Ар щIэупщIащ абы и лъэныкъуэкIэ энергиер, псыр зыщэ организацэхэм я мурадым.

Уэлджыр Жыраслъэн зэрыжиIамкlэ, апхуэдэ программэхэр энергетикэм и Iэнатlэм щагъэзэщIэ. Абыхъэм я фIыщIэкlэ, энергиер тезыгуашэ щIыналъэ зэхуэму сетевой компаниэм электрокъарууэ фIэкIуэдыр игъэмащIащ икIи 2010 гъэм ар процент 16-м фIэкIакъым. «Ар сэ сэхуэIэныгъэ ину кьыщIэлъытэ», - жIащ Уэлджыр Жыраслъэн.

Докладым къыщыгъэзэгъэ Iуэху псори зэпалъэрти, Президиумым хэтхэм кьащтащ КЪБР-м и Правительствэм, КЪР-м Тарифхэмкlэ и къэрал комитетым яхуэгъэза чэнджэщхэр.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущлапlэм и унафэщI.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

ЩIэгъэкъуэныщхьэ яхуохъу

КъБР-м и Правительствэм и Унэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ банк советым и зэIущIэ щригъэжкIуэкIащ абы и Iэтащхьэ, япэ вице-премьер Абрэзж Iулий. ЗэIущIэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Гъатэр Иван.

МЭКЪУМЭШ Iэнатlэм епха хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ цIыкIумрэ курытымрэ кредитхэр зэрыхуауатIыпщ щIыкIэр егъэдIэкIуэным тепсэлъыхьащ «Росмэкъумэшбанкым» и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Пшъэрыгу Мухьэмэдрэ КЪБР-м мэкъумэш Iэнатlэмкlэ и министрым и къуэдзэ Сидорук Татьянэрэ.

Сидорук Татьянэ къыз эрыхигъэщамкlэ, мэкъумэш Iэнатlэм Iуэхушхуэхэр щызэфIагъэкI «Росмэкъумэшбанкымрэ» «Сбербанкымрэ» я щIэгъэкъуэну. Абыхъэ къызэщIаубыдэ Iэщ гъэхъуэныр, мэкъумэш щIэныр, ерыскьыпхьэхэр гъэхьэзырыныр. Зэрыщыту къащтэмэ, 2010 гъэм КъБР-м и банкхэм мы Iэнатlэм щекIуэкI лэжьыгъэ цIыкIумрэ курытымрэ псори зэхэту сом мелардрэ мелуан 434,8-рэ хуаутIыпщащ. Министрым и къуэдзэм жIащ 2011 - 2015 гъэхэм республикэм псори зэхэту гектари 100 къызэщIэзыубыдэ хуабэщхэр (теплицэхэр) щаухуэну зэрамурадыр. Абы и фIыгъэкIэ, зы илъэсым сом мелардих и уасэ хадэхэкIэу тонн мини 100 кърахьэлIэнущ, цIыху мини 3 лэжьапIэкIэ къызэрагъэпэщынущ. Сидорук Татьянэ и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, мы зэманым КЪР-м езым хадэхэкIыу, гъавэу, кIэртIофу ирикъун кьелэжьыкъ. 2015 гъэм лъыэ къащалэжьыр тонн минищэм нагъэсыну я мурадщ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхуэхэр зыхуейм нэхъри нэхьыбэщ.

ЛIыхъугу Мухьэмэд жIаIащ «Росмэкъумэшбанкым» псори зэхэту сом мелард 14-рэ мелуан 469-рэ кредиту ятыну зэгурыIуэныгъэхэр зэрагъэхьэзырыр. МэкъумэшхэкIэмрэ Iэщхэкlэмрэ къызылэжьэм зэащIигъэкъуэн мурадкlэ, банкым игъэмэщащ кредитхэм щхьэщатыкI процентхэр (зэрыхъужыр процентым 7,5 - 10-щ). Апхуэдэу куэдкlэ тынш ящIащ кредит къыIахьныжкlэ яIэ Iэмалхэр, лъэIуэхэм щыхэпIлъ пIалъэр. Апхуэдэу мэкъумэш техникэм я Iэмэпсымэхэр сакъылэту ягъэлъагъуэу кредитхэр къыIах мэхъу.

Налог зытхэм я счетхэр къыз эрызэтрагъэувыIэм е зэрыпхамыгъэкIын теухуауэ налог органхэмрэ кредит организацэхэмрэ связым и телекоммуникацэ Iэнатlэхэм зэрыщыздэлажьэм тепсэлъыхьащ Федеральнэ налог Iэнатlэм КъБР-мкlэ и къудамэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Сарбашевэ Светланэ. Абы къыхигъэщхьэхуIащ налог зытхэм я счетхэмкlэ ирагъэкIуэкI Iуэхуэхэр къыз этегъэзэувыIэныр къыщыгъэльэгъуа тхылъымпIэ минипщIэхэр ильэс къэс банкхэм зэрыIэрагъэхьэр. Телекоммуникацэ связым кредитым егъэщIылIа хьыбархэр куэдкlэ щIигъэпсынщIэнущ.

ЗэIущIэм и къухэм кьыз эхуэсахэр тепсэлъыхьащ КъБР-м и Лъэпкъ банк советым и унафэхэр зэрагъэзэщIам кърикIуахэм.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр мы гъэм и ещанэ мазищым «Наллык» банкым и унэм щрагъэкIуэкIыну я мурадщ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущлапlэ.

● Нобэ

Фырэ Руслан къыщалъхуа махуэмкlэ дохъуэхъу

Урысей Федерацэми Абхъаз Республикэми гъуазджэмкlэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкlэ и министр Фырэ Руслан и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу. И зэфIэкIым дежи къэхъуэу, узыншэу, гуфIэгъуэ и куэду псэуну дохъуэхъу пщIэ зыхуэтIущI цIыху щыпкъэм.

Сыт хуэдэ щхьэ гъащIэ гъуэгуанэм кьыз эIуихыр? Нобэ сытхэр и мурад режиссер Iэзэм, актер щIэныгъуэм, политик жыджэрым? А упщIэхэми кьинэмыщIхэми я жэуап «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэ хэм къыщагъэутынущ ди хэкуэгъу цIарыIуэм теухуауэ газетым мыгувэу къытехуэну тхыгъэм.

ЖЭМЫХЪУЭ Марьянэ.

● Шэрэдж куей

Саугъэтхэр иратыж

Къэщкъэтау поселкэм и администрацэм зэхилъхьэжащ щIыпIэхэр зэIуэпэщ щыным теухуауэ предприятэхэм, Iуэхущлапlэхэм, организацэхэм, унагъуэхэм ирагъэжкIуэкIа маэитI лэжьыгъэм кьрикIуар.

ЛЭЖЬАКIУЭ гупхэм я деж МЧС-м и район къудамэр щытекIуащ. ЦIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэ центрым етIуанэ увыпIэр зыуагъэфIащ, «Шэрэджгаз» ООО-м и къудамэр ещанэщ.

Унагъуэхэм ящыщу Карк мазовэ Людмилэ ейр нэхъыфIу кьалъытащ, етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр Теми ржанов Керимрэ Рахаев Исхьэкъэрэ лъагъэсащ. ТекIуа псоми ахьшэ саугъэтхэр иратащ.

- Мэрэ лэжьыгъэр иухами, щIыпIэхэр зэрызэрахьэм дяпэкIи дыкIэлъыпIынущ, - кьыхигъэщащ комиссэм и унафэщI Иттиев Жэмал.

БОЗИЕВЭ Залинэ.

● ЗэIущIэхэр

Хуитыныгъэхэм топсэлъыхь

КъБР-м и Президентым деж Граждан жылагъуэ институтхэм зегъэужьыныгъэ щIыхуэ я хуитыныгъэхэмкlэ щыIэ комиссэм и зэIущIэ мэкъуауэгъуэм и 21-м Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ.

АР КЪЫЗЭIУИХАЩ икIи иригъэкIуэкIащ комиссэм жэуап зыхь и секретарь Беппаев Сурэн. Апэу псалъэ эрата **Любуни Николай** тепсэлъыхьащ МВД-м и Прохладнэ, Дзэлыкъуэ, Iуащхьэмахуэ район къудамэхэм цIыхум и хуитыныгъэ хъумэным хуэунэтIауэ а куейхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэр комиссэм и лIыкIуэхэм къызэрапщIам, абы къырикIуахэм. ПсэукIэм епхауэ районхэм щыIэ гугъуехьхэм, ОВД-хэм цIыхухэм зэрызыхуагъазэ лъэIухэм и чэзум гулытэ зэрагъэуэтым, ныбжьыщIэхэр щIэпхъаджагъэ Iуэхухэм дамыхьэхьи папщIэ, спортым, щэнхабзэм, гъуазджэм хэщIэн зэрыхъуейм, нэрылъагъ куэдми къытеувыIащ къэпсалъэр.

ЗэIущIэм кърихьэIа, зи гугъу тщIа ОВД-хэм я унафэщIхэм я къуэдзэхэм упщIэхэмкlэ зыхуагъэзащ комиссэм хэтхэм икIи зыгъэпейтей Iуэхугъуэхэм тепсэлъыхьахэщ.

КъБР-м и Президентым деж Граждан жылагъуэ институтхэм зегъэужьыныгъэ щIыхуэ и хуитыныгъэхэмкlэ щыIэ комиссэм хъэIукIэ зыхуэзыгъэзахэм я Iуэхум щытепсэлъыхьым, Беппаевым кьихилъхьа жэрдэмхэр арэзыуэ даIыгъащ комиссэм хэтхэм.

Адэкlэ Суфян къытеувыIащ лъахэр залымыгъэкIэ зрагъэбгынахэм ящыщу къэзыгъэзэжахэм фIагъэкIуэда мылъкум пэкIуэ зэрыратыж щIыкIэм.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

ЦIыхубэм я фронтым Iуэхуфlхэр къыхелъхьэ

Дыгъуасэ Путин Владимир и жылагъуэ Iуэхущлапlэм щызэхэсахэр хэтащ Урысейпсо цIыхубэ фронтым и щIыналъэ зэзыгъэзэжа «2012 - 2014 гъэхэм я щIыхубэ бюджет» видеоконференцым. Абы къыщыщыдалъэм Урысейм и къудамэ щIыналъэхэм я социальнэ зыужьыныгъэмкlэ и министр Голиковэ Татьянэ зэпкърыхауэ къыгъэлъагъуащ 2014 гъэм нэсыху къэралым щрагъэкIуэкIыну бюджет политикэр зыхуэдэр.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и цIыкlэ министрым упщIэкlэ зыхуигъэзащ Урысейпсо цIыхубэ фронтым и щIыналъэ зэзыгъэуIу советым хэт Пархоменкэ Юлие. Абы къыIэта Iуэхум икъуэкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ Кавказ Ищхъэрэм и республикIэ псоми и дежкIэ. Дызэрыщагъуазэщи, пенсэр щагъэувкIэ зытращIыхьыр щыцIум ику иту иIа улахуэр зыхуэдизырщ. Лэжьащ пщIэр щыламщIэ щыIа лъэхъэм щыпсэуахэр пенсэм щыкIуэкIэ хуагъэув пенсэри мащIэ дыдэщ. АтIэ нэхъ хуэмыщIауэ щыт щIыналъэхэм исхэмрэ щIыналъэ нэхъ кьуленхэм щыпсэуахэмрэ хуагъэув пенсэхэр апхуэдизу зэщхьэщыкIыкIын папщIэ Правительствэм илэжьхэрщ зытриухуар нэсыхукIэ фадэ ямыщну. Администрацэм Наллык къалэмкlэ УВД-м и лэжьакIуэхэм чэнджэщ яритащ еджапIэхэм, гуфIэгъуэр щагъэлъапIэ нэгъуэщI Iуэхущ Iуэхущлапlэхэм фадэ щрамыгъэщэну.

Пщыхьэщхьэ гуфIэгъуэ Iуэхуэхэр Наллык щызэхаублэнущ мэкъуаэгъуэм и 25-м сыхьэт 22-м икIи аэрекIуэкIынущ пщэдджыжьым сыхьэти 6 хъуухукIэ.

ДЕМИДОВЭ Аннэ.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Щ1эгъэкъуэныщхьэ яхуохъу

КъБР-м и Правительствэм и Унэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ банк советым и зэIущIэ щригъэжкIуэкIащ абы и Iэтащхьэ, япэ вице-премьер Абрэзж Iулий. ЗэIущIэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Гъатэр Иван.

МЭКЪУМЭШ Iэнатlэм епха хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ цIыкIумрэ курытымрэ кредитхэр зэрыхуауатIыпщ щIыкIэр егъэдIэкIуэным тепсэлъыхьащ «Росмэкъумэшбанкым» и щIыналъэ къудамэм и унафэщI ПIыхьэгу Мухьэмэдрэ КЪБР-м мэкъумэш Iэнатlэмкlэ и министрым и къуэдзэ Сидорук Татьянэрэ.

Сидорук Татьянэ къыз эрыхигъэщамкlэ, мэкъумэш Iэнатlэм Iуэхушхуэхэр щызэфIагъэкI «Росмэкъумэшбанкымрэ» «Сбербанкымрэ» я щIэгъэкъуэну. Абыхъэ къызэщIаубыдэ Iэщ гъэхъуэныр, мэкъумэш щIэныр, ерыскьыпхьэхэр гъэхьэзырыныр. Зэрыщыту къащтэмэ, 2010 гъэм КъБР-м и банкхэм мы Iэнатlэм щекIуэкI лэжьыгъэ цIыкIумрэ курытымрэ псори зэхэту сом мелардрэ мелуан 434,8-рэ хуаутIыпщащ. Министрым и къуэдзэм жIащ 2011 - 2015 гъэхэм республикэм псори зэхэту гектари 100 къызэщIэзыубыдэ хуабэщхэр (теплицэхэр) щаухуэну зэрамурадыр. Абы и фIыгъэкIэ, зы илъэсым сом мелардих и уасэ хадэхэкIэу тонн мини 100 кърахьэлIэнущ, цIыху мини 3 лэжьапIэкIэ къызэрагъэпэщынущ. Сидорук Татьянэ и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, мы зэманым КъБР-м езым хадэхэкIыу, гъавэу, кIэртIофу ирикъун кьелэжьыкъ. 2015 гъэм лъыэ къащалэжьыр тонн минищэм нагъэсыну я мурадщ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхуэхэр зыхуейм нэхъри нэхьыбэщ.

ЛIыхъугу Мухьэмэд жIаIащ «Росмэкъумэшбанкым» псори зэхэту сом мелард 14-рэ мелуан 469-рэ кредиту ятыну зэгурыIуэныгъэхэр зэрагъэхьэзырыр. МэкъумэшхэкIэмрэ Iэщхэкlэмрэ къызылэжьэм зэащIигъэкъуэн мурадкlэ, банкым игъэмэщащ кредитхэм щхьэщатыкI процентхэр (зэрыхъужыр процентым 7,5 - 10-щ). Апхуэдэу куэдкlэ тынш ящIащ кредит къыIахьныжкlэ яIэ Iэмалхэр, лъэIуэхэм щыхэпIлъ пIалъэр. Апхуэдэу мэкъумэш техникэм я Iэмэпсымэхэр сакъылэту ягъэлъагъуэу кредитхэр къыIах мэхъу.

Налог зытхэм я счетхэр къыз эрызэтрагъэувыIэм е зэрыпхамыгъэкIын теухуауэ налог органхэмрэ кредит организацэхэмрэ связым и телекоммуникацэ Iэнатlэхэм зэрыщыздэлажьэм тепсэлъыхьащ Федеральнэ налог Iэнатlэм КъБР-мкlэ и къудамэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Сарбашевэ Светланэ. Абы къыхигъэщхьэхуIащ налог зытхэм я счетхэмкlэ ирагъэкIуэкI Iуэхуэхэр къыз этегъэзэувыIэныр щыщыщIэльэгъуа тхылъымпIэ минипщIэхэр ильэс къэс банкхэм зэрыIэрагъэхьэр. Телекоммуникацэ связым кредитым егъэщIылIа хьыбархэр куэдкlэ щIигъэпсынщIэнущ.

ЗэIущIэм и къухэм кьыз эхуэсахэр тепсэлъыхьащ КъБР-м и Лъэпкъ банк советым и унафэхэр зэрагъэзэщIам кърикIуахэм.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр мы гъэм и ещанэ мазищым «Наллык» банкым и унэм щрагъэкIуэкIыну я мурадщ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущлапlэ.

● Ди губгъуэхэм

Республикэм гъатхасэр щаух

Къэбэрдей-Балъкъэрым мы гъэм къэкIыгъэ пасэхэм гектар мини 195-м ирилагъэ щащыщ. Ар изгъэбгрейм нэхъэ гектар мини 5-м нэскlэ нэхьыбэщ.

2010 гъэм едыIатуэ, нартыхум процент 21-м щIигъэкIэ нэхьыбэ хухахащ. Иджы ар гектар мин 80,5-м фIокI. Сэхуаныр гектар мин 28-м, хадэхэкIхэр - мин 20-м щIигъэм, кIэрфIофыр гектар мин 14-м нэблагъэм щыхасащ. Ахэри нэгъабэ зэрахьам нэхърэ нэхьыбэщ.

Дунейм и щытыкIэм и зэранкlэ гъатхасэр гуваш, ауэ хозяйствэ куэдым я идкыфрей техникэ нэхъыщхьэ щыIэ зэрагъэсэбэпам и фIыгъэкIэ, и зэманым къитIасэу а лэжьыгъэр зэфIагъэкIащ.

Республикэм и мэкъумэшщIэхэм кьапщытщ гъавэу кьалэжьым хагъэхъуэну, нэгъабэрейм нэхъ я нэхьыбэ мы гъэм кърахьэлIэжьыну.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● Iуащхьэмахуэ куей

Унэ ккъахэхэр зэрагъэпэщыж, щIэхэр яухуэ

2011 гъэм «Фэтэр куэд хьу унэхэр зэгъэпэщыжын» щыпIэ программэр агъэзащIэу, Iыныгъуэ кьалэм жьы хьуа дифт 18 щыIэрахьуэжкIынущ. Абы трагъэкIуэдэну мылькум щыщу сом мелуан 21,6-р федеральнэ, сом мелуани 4,7-р республикэ бюджетхэм кьаутIыпщащ.

ЗИ ГУГЪУ тщIы программэм ипкъ иткlэ, Герх окан щыпIэм фэтэр 15 хьу jи щауэхуэнущ. Зи псэупIэхэр кхьаэх хьуаэхэр игъэIэпхъуэн мурадкlэ.

ИпэIуэкIэ Камук щыпIэм фэтэр 36-р хьу унэ щащащ. Ухуэныгъэм егъэщIылIа Iуэху псори зы илъэсым зэфIагъэкIащ. Нэхьапэм апхуэдэу псынщIэу абы ещхь зы лэжьыгъи мыбы щыIэзфIахакъым. Ар щыхьэт тохьуэ кьалэм фэтэр куэду зэхэт унэхэр ухуэн зэрыщыщIадзэжьым. ПсэупIэр сыт лъэныкъуэкIи иджырфI зэманым йоз эгъ. Абы щIэтIысхьэну хуит зыщI тхылъхэр унагъуэ 36-м иратащ.

ТАРИМ Алисэ.

● Гу зылъытапхъэ

Фадэ хэмыту

Наллык къалэм и администрацэм сату щIыпIэхэр зейхэр къыхуреджэ школхэр къызэрауха щагъэлъапIэ пщыхьэщхьэ зэхьихьэхэр щекIуэкI зэманым фадэ ямыщну.

КЪАЛЭ администрацэм школхэмрэ пщыхьэщхьэр щрагъэкIуэкI нэгъуэщI щIыпIэхэмрэ метри 100 нэхъ рэ нэхъ пэмыжыжьэу сату зыщIэхэр къыхуриджащ мэкъуаэгъэгъуэ и 25-м сыхьэт 14-м къыщыщIэдзауэ мэкъуаэгъуэм и 26-м сыхьэти 10-м нэсыхукIэ фадэ ямыщну. Администрацэм Наллык къалэмкlэ УВД-м и лэжьакIуэхэм чэнджэщ яритащ еджапIэхэм, гуфIэгъуэр щагъэлъапIэ нэгъуэщI Iуэхущ Iуэхущлапlэхэм фадэ щрамыгъэщэну.

Пщыхьэщхьэ гуфIэгъуэ Iуэхуэхэр Наллык щызэхаублэнущ мэкъуаэгъуэм и 25-м сыхьэт 22-м икIи аэрекIуэкIынущ пщэдджыжьым сыхьэти 6 хъуухукIэ.

ДЕМИДОВЭ Аннэ.

● Фэеплъ

Зэи тщыгъупщэнукъым

Хэку зауэщхуэр къызэрыхъейрэ илъэс 70 щрикъу Фэеплъымрэ щыгъуэмрэ я махуэм ирихьэлIэу Наллык дэт Театр Щхьэуантlэм псапащIэ концерт щекIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщат КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, Урысейм и Кавказ Ищхъэрэм Ипщэ щIыналъэмрэ я телерадиокомпаниеэм я Ассоциацэм, ТНТ-Наллык Iуэхущ Iапlэм.

ПШЫХЬЫР езыгъэкIуэкIахэр тепсэлъыхьащ сэлэтхэм зэрахьа iыгъэм, хахуагъэм, зауэм и тхыдэм. А гъэхэм щыIа уэрэд щIэрыIуэхэр ягъэзэщIащ зауэм и ветеранхэм я хорым, Iэрэмысэ Аэрэт, Музыкэмкlэ театрым и уэрэдмкIалIуэ Къуэщ Iыгъэ сокъуэ Роксанэ, «СК Стайл», КъБКъУ-м уэрэдымрэ къафэмкlэ Iэ и театр «Амикс» гупхэм,Ракитиной Иринэ сымэ. Уэрэджэ IакIуэ Iэщ Iагъэм пэжьыжь, ауэ а илъэсхэм теухуа уэрэдхэр фIыуэ зыльагъуэм ящыщу къыщIэкIащ Иджырей Гуманитарнэ Академием и ректор, профессор Атабиев Алий, «Московский комсомолец в Кабардино-Балкарии» газетым и редактор нэхъыщхьэ Булатов Арсен, Владикавказ щыщ дохутыр, хирург Кудзаев Казбек сымэ. Ахэр мыпхуэдэ махуэ лъапIэм тригъэгушхуэщу утыку кьихьэну.

Зэхьыхьэм хэта, абы епIыну къызэуэса ныбжьыщIэхэм зыжьэу жаIэрт хуитныгъэм щIэзэуа, Хэкум къыщыжа ди нэхъыжьыфIэхэм я гугъуехьыр абыхэм зэращымыгъупщэнур, нобэ щыIэ дуней дахэм папщIэ фIыщIэ зэрыхуащIыр.

БАЦЭ ФатIимэ.

Суэрэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ДУНЕЙМ И ПЫХЬЫРАХЬ

ДэIэпыкъун хуейщ

ИТАР-ТАСС хъыбарегъащIэ Iэнатlэм дыгъуасэ къызэриратамкlэ, Урысейм унафэ къыщащIащ Iивим щIэупсэхъум икIи щIыпIэкI гуманитарнэ ядэIэпыкъун хуейуэ. Абы щыгъуэми, зыдэIэпыкъунухэр щыпсэу щIыналъэр зыхуэдэм елытауэ зэхэдз ящIынукъым - зыкъэзыIэтахэм яIэщIэлъ кьалэхэми, властыр иджыри щытепщэ щIыпIэхэми щыпсэухэм зэхуэдэу ядэIэпыкъун хуейщ.

- Ливием Iэщ кIэ щызэпэщIэувахэм я зэпэщIэтыныгъэм пIалъэ кIыхь къызэщIиубыдащи, абы я зэранкlэ щIыхуэхэр гугъуехьышхуэ хэхуащ. А Iуэхугъуэм Москва икъуэкIэ егъэгъазэ, - жеIэ УФ-м и МИД-м и лIыкIуэ Лукашевич Александр.

Мыгувэу МЧС-м и къарукIэ Ливием нашэсыну я мурадщ ерыскьыхэкIэхэр, чэтэн щыIэхэр, щхьIэнхэр, н.къ. Триполи зыIэщIэлъ властми Ливием и Лъэпкъ совет къэунэхуагъащIэми а Iуэхугъуэм теухуауэ йопсальэхэр, хьэлъэр къэралым нэхъ тэмэму зэрыращэну гъэзгуэр яубзыхуу.

И мылькум къитIасэркъым

ИТАР-ТАСС хъыбарегъащIэ Iэнатlэм дыгъуасэ къызэриратамкlэ, Чехием зигъэхьэзыркъым зи экономикэр зэтешэхэнкlэ щынагъуэ Аньджым дэIэпыкъуну.

- Дэ къызэрытлытэмкlэ, Аньджым зэрыдэIэпыкъуну ахъшэр кьыхахьи хуейщ евррэр къэзыщта къэралхэм къызэрагъэпэща фондым, - жеIэ Чехием и премьер-министр Нечас Петер.

Абы зэрыжиIэмкlэ, Аньджым и гугъуехьэр зи щIэхъуэзыр щыдащи, абы и зэранкlэ щIыхуэхэр гугъуехьышхуэ хэхуащ. А Iуэхугъуэм къэрал гупым хиубыдэркъым.

- Еврозонэм хиубыдэ къэралхэм ядэIэпыкъунымкlэ фондым и мылькыр ирикъунущ Аньджым дэIэпыкъун папщIэ. Ебыа и лъэпкъ ахъшэр къызыхуэнауэ Евросоюзым хэт къэралхэр а Iуэхум хэпщэным мыхьэнэ лъэпкъ иIэу слъагъуркъым, - кьыхегъэщ Нечас Петер.

Я хэку ягъэзэж

РИА НОВОСТИ хъыбарегъащIэ Iэнатlэм дыгъуасэ къызэриратамкlэ, НАТО-м и Генеральнэ секретарь Андерс Фог Расмуссен и гуапэ хуэщ США-м и зауэлIхэр Афганистаным кьрищыжыну я унафэ къызэращтар.

США-м зегъэхьэзыр мы гъэм и зауэлIу мини 10 Афганистаным кьрищыжыну. А Iуэхур мазэ кьакIуэ яублэнущ. Америкэм и президент Обамэ Барак зэрыжиIамкlэ, 2012 гъэм и гъэмахуэ хъуху я хэку ягъэзэжынущ зауэлI мин 33-м.

Налъэкъ Iуащхьэ:

Пхъэдзакlэ закъуэри мафIэ мэхъу.

НОБЭ

●1945 гъэм Москва и Ут Пльыжьым Текlуэныгъэм и парадыр щекIуэкIащ.

●Чувашие Республикэм и махуэщ - 1920 гъэм мэкъуаэгъэхъу и 24-м къэунэхуащ РСФСР-м хэт Чувашие автономнэ областыр.

●Илъэс 90 и пэкlэ Лъэпкъхэм я Iитгэм и Советым кьыпытащ Ланддскэ хытIыгуэх

Шухьэиб и шыпхъу нэхъыщIэм и гъусэу.

Уи гум Iей илъын хуейкъым

Абеикъуэ Шухьэиб нобэ илъэс 75-рэ ирокъу

АДЫГЭ жьыщхъэ махуэм нэхъ зэхъуапсэ щыIэу къыщIэкIынкъым. IупсэхугъэкIэ зи хъуреягъыр зыгъэнщI нэхъыжь лъагъунэфIэхэм уащыхуэзэкIэ, Камо Альбер и жьЫзгъуэ щIрыIуэр уигу къокIыж: «Ныбжьыр щыхьэкIуатэм и деж, щхьэж кьиIэжьа тепIъэр къыIэрэкъэ». Дунейм утетыхукIэ узрикIуа гъуэгур захуэрэ къуанщэрэ щыхуэм Iупщу щалъагъуэр жьантIэм удагъэтIысхьа нэужьщ.

ХьэщIэр щыхьэнб Иорданием къиIэпхъукIыжу Бахъэкъ къызэрыдэтIысхьэжрэ етIанэгъэ илъэс пIлыщI рикъунущ, Iугъуц 1972 гъэм, зэманым и тKингъэм, ар абы къызэрехьулIар къэпхуэтэну. Езым и псалъэкIэ жьпIэмэ: «Хэкум къэкIуэжыну хуейм сыт щыгъуи и гъэгу къигъэтыжьынущ». Дунейпсо Адыгэ Хасэми Къэбэрдей Адыгэ Хасэми ноби жьыдэкруэ хэт Абеикъуэр иджырикI къэкIуэжахэм я клубым и тYмэдаэу мэлажьэ.

- Кьалэн нэхъыщхьэу сэ сыбжыр къэкIуэжар хэхэс хуэдэу, и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжу, нэгъэщIыпэкъым щыщу Хэкум къеблэгъа хуэдэу къыщымыхьу, и унагъуэ, и Хэку къызэрихьэжар зыхихщIэу, ар и фIэщ тщIыуэ, хэгъэрейхэмрэ езымрэ я зэкъуштыкIэр егъэзэфIэкIуэныр аращ, - жеIэ абы ноби.

Езы Шухьэиб къыщыкIуэжам и ныбжьыр илъэс 36-рэ хьууэ арат. Щыгмахуэ здэщымыIэ щыпIэм къикIыжа щIалэр псом ятэ...Iуащхьэмахуэ дэкIуелэщ.

- Iуащхьэмахуэ пщIэ хуэзымыщIым, ар фIыуэ зымыпъагъум и адыгагъэр ирикъуу сэ сыбжькъым, - жеIэ абы ноби.

Фидель Кастрэ, Эрнесто Че Геварэ, Джамаль Абдель Насер - Шухьэиб и щIалэгъуэм гъуазэу къыхихахэм ноби яхуэзэщ. Адыгэ къэралыгъуэ гупсысэкIэ зиIэхэм я щапхъэу Абеикъуэм ебж Хьэвжокъуэ Сэид муфтийрэ абы и унагъуэмрэ.

- Хьэвжокъуэр «Iы тэмэму щытащ. Езыри и къуэшхэри. Iъэпкъми къэралыгъуэми яхуэщхьапащ. Адыгэжэм Иорданием пщIэуэ щаIэр ахэращ къэзыIыжьыр».

Шухьэиб икъукIэ хуэарэзыщ езым Хэкур игуэхъыжьыжьмкIи нужькIэ абы хэсхыхьжьымкIи сэбэн къыхуэхуахэм: Шэджьхьэщ Мухьэмэд, Хьэфыщ Мухьэмэд, Ефэнды Джьылахьстэн, Бер Мухьэдин, нэгъэущI куэдми.

- Гуанэ Пшыту, а зэманым райкомым и унафэщIу лэжьар, лIы бэлъхьт. «Уэ мыбдежьым уи анэ кьиIтхуа щыIэкъым, Шухьэиб, сэ уи анэ сыкьиIтхуааэ бжы», - кьызжиIат. Абы и уажькIэ сыт пхужьIэжьынур? Махуэ кьэжьхуаIэм хуэдэу къысщIэуп-щIэрт. Си гъунэгъуэм къажриIэрт: «Мыбы сэ къызжимыIэф гуэр щыIэмэ, кьызжефIэ».

Шухьэиб нобэ зыгъэпIейтей гупсысэжэр зи чэзу защIэщ. Нэхъ гущIыхьэу нэхъыжьэр топсэлъыхь гулъытэ нэс зымыгъэуп щIалэгъуалэ щыхьэрымэрэ адыгэбзэр и быным иригъэщIэнымкIи емыIаIалэ адэ-анэмрэ.

А псом кьыдэкIуэу, Шухьэиб зэшыпхъунтIым я адэ гумащIэщ, пхъурыпхъунтIым я адэшхуэ бзэIэфIщ, Гъунэгъу пэжщ, хьэблэ сабиим я дадэ-чэнджэщэгъуэщ. Сыт и щJжр жьыщIхэ махуэ ухъуным, жьытIэу дыщеупщIым, Шухьэиб и жэуапыр кIэщIт:

- Уи гум Iей илъын хуейкъым. Уи гум Iей илъыхукIэ, уи щхьэм зэран ухуохьэж. Сыт мы дунейдахэщхуэ Алыхьым кьыдитар щIыхуэм хуэзгъэфащэ щIэмыхъур? Алыхьым ар сэри кьызэнтащ. НтIэ, сэри къыщызитакIэ, адрейхэми кьаритмэ, си гуапэн хуейщ. ЩIыхуэм хуэзфIэкIыхь дахэ жиIэн хуейщ. Дахэм дахэ кьешэ.

И хъуреягъыр Хэкум хуиIэ лъагъунытгъэмкIэ зыгъэнщI

АБЕИКЪУЭ Шухьэиб пщIэщIыхуэсщIри фIыуэ щIэслъагъурри, зи гур абы хуэдэу Хэкум хуэкъабзэ срихьэлIакъыми аращ. Езыр иджыри къэмыкIуэжауэ, ди лъэпкъгъуэм сахуэзэну Иорданием сыщыкIуэхэм деж, Хэкум и гугъу щысщIкI, и пэнситIыр хуэмыуфыщ къы-

Абеикъуэ Шухьэиб Нэщыщ зэкъуэшхэр зэрегъэщIыхуэж.

Дадэ жьыщхъэ махуэ.

верситетым щат щIэныгъэхэм хуэдэ зиIэ псом щыщи мыбдежьым кьэнжауэ Хэкум исхэщ. Ар хэкурысым и Iыхьэр кьытIыхьынту къэкIуэжа щыIэгурэ псэкIэ лъэпкъымрэ Хэкумрэ зыхищIэу, нэхъыфIыр къыхихауэ аращ.

Мы къэралым ущыпсэунымрэ нэхъ гугъуу щыщытам щыгъуэ унагъуэ зыщыпIа дыкъэкIуэжащ. А зэманым узыхуей псом и мыбдеж щыбгъуэтэжащ. Уи лэжьыгъэми кьыпэкIуэр машIэт. Сыт хуэдэу щымытми, гугъуехьыр нэхъыбэт. Абы щIэхэкIэ дэ дыкъэкIуэтыжакъым икIи дыкIуэжакъым. Мыр дэ ди Хэкути, дыкьынэжауэ дыщопсэу, зы махуи дыщIеуэжакъым. Зыгуэрым игъэзэжащ жыпIэу, абы Iуэхур тепфIеижьыр. Мамыру дунейм тетын хуейщ. Сэ си зэран зыгуэрым езыгъэнэжащ щыгъуэ сэ сыбжькъым.

Щыхуэр мамыру дунейм тетын хуейщ. Сэ си зэран зыгуэрым ебгъэнэжащ щыгъуэ сэ сыбжькъым. Щыхуэр мамыру дунейм тетын хуейщ. Унагъуэм щыщ зым псалъэтI фIэкIа кIыримыхьу щытми, а унагъуэм ихьэн хуейщ а газетыр. Ди жагъуэ зэрыхьэщи, тиражымрэ Къэбэрдейм ис адыгэжэм я бжыгъэмрэ зэхуэкIуэркъым. Мыбы фIыгъуэ хуэд кьызыхэпхьи кьытоху, ди блэкIами, ди кьэкIуэнми, нобэ зэрыщытми ягъуэуэ-куэдIэ сабиим хьунущ мыр. Ар зы лъэныкъкIуэщ. Адрей лъэныкъэкIэ, бзэр бгъэшэрыуэфу, хуиту зыгуэрэхэр тIхьифу ухъун щхьэкIэ, куэдрэ уеджэн хуейщ. Ар Iэщыбэ зэращIар си жагъуэщ. ЩыхьэщыкIуэ ирикъуа щхьанIэм накIуэхэрэ «Ленин гъуэгум» Iэ трыдагъадзэрт. Ауэ традзэтэрджэгуэхэр псори адыгэбзэщ зэрыпсалъэр, ар си гуапэ дыдэщ. Ар хамэ къэрали щыпIалъгунукъым, кьаIэхэми нэхъыбэм щыпсалъэнукъым. Мыбдеж и нэхъыфI дунейм теткъым жысIэу сыщыщдэсыр аращ.

● Футбол

ЕбгъэрыкIуэрэ... къыхагъащIэ

«Амкар» (Пермь) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (0:0). Мэкъуауэгъуэм и 22-м. Пермь. «Звезда» стадион. ЦIыху 7600-рэ епльащ.

Судьяхэр Лаюшкин (Мэскуу), Целовальников (Астрахань), Гаврилин (Владимир).

«Амкар»: Хомутовский, Сираков, Попов, Белоруков, Федорив, Пеев, Коломейцев, Мияйлович (Новакович, 82), Гришин, Волков (Чернянков, 63), Ристич (Джалович, 65),

«Спартак-Налшык»: Фредриксон, Куликов, Лебедев, Леандрэ, Джудович (Луканченков, 85), Багаев, Захирович, Щанщиев (Къажэр, 81), Гъэущокъуэ, Концедалов, Портнягин, (Милич, 72).

Топыр дигъэкIащ Гришиным, 58 (1:0).

Дагъуэ хуащIащВолковым, Сираковым, Лебедевым, Мияйловичем, Милич, Луканченковым.

Джэгум къыхахуащ Сираковыр.

АДЭКIэ кIуапIи-жапIи зимылэж «Спартак-Налшыкыр» Пермь кIуащ Iэмал имылэу текIуэну и мурад. Армырауи ухунтэкъым - зэхъэзэхуи къыхихэ хуэмыкIуэ командхэхэр ящхьэщыкI зэпытщ икIи турнир таблицэм и кIэух дыдэм кьынэпащ. «Амкар»-рэ ирейтхьэм зэпеуэм и гуп нэхъ пIэрымыхь дыдэр иутIыщыну икIи езыри хуабжьу зыхуэныкъуэ очкощIыр зыIэщIигъэкIыну. Арати, шэч хэлъ тэкъым Iыхьэныкъуитри ерыщу зэрейгъэщIыуэм. Абы зэIущIэр уддэзыхьэх ищIын хуейт.

Хэгъэрейхэм я нэгъэ ебгъэрыкIуэныгъэхэр кьыщэтрагъэувыIэри, налшыкдэсхэр къаруушхуэкIэ ятакIэ кIуэтащ. Захировичрэ Концедаловым, Леандрэ, Портнягиным хэгъэрейхэм я гъуащхьэхъумэхэмрэ гъуащхьэтетымрэ псэкугъуэ ирагъэтэкъым. Стадионым ису ар зыгъэгъэхэм фIкIуэ, зэрыгъэкIийуэ щIадзащ, зыдэщI командэм и джэгукIэм арэзы кьэзэрримыщIыр кьагъэлъагъуэу.

АращхьэкIэ и ебгъэрыкIуэныгъэ куэдым зы фейдэ «Спартак-Налшыкым» кьыхимыхауэ зэIущIэм и ятэ Iыхьэр иухащ. Нэрылъагъуэ ди командэм и гугъуехьхэр псыхэкIадэ зымышIын гъуащхьауэ Iэзэ зэрыдимыIэр.

Загъэпсэхуу кьыщихьэмаи джэгукIэм зихъэужакъым. «Амкар»-м и футболистхэр ди щIалэхэм ятэпльащтэкъыми, хабзэр щIэх-щIэхуэрэ кьыззэпаудырт. АрщхьэкIэ апхуэдизу штрафнойри налшыкдэсхэм тэмэму кьахуэгъэсэбэнащ.

Апхуэдизэм и деж кьызэрыхъу хабзэм хуэдэ 58-нэ дакьикъэм кьахуихьащ - зэкIэлъхьэжьыу ебгъэрыкIуэ, ауэ зи Iуэхум зыри кьымыкI «Спартак-Налшыкым» и пэр машIэу щIэхуэщи, икIи иджыри къэс зызыхъумэжа хьэрхуэрэгъуэм топ кьыхудагъэкIащ. Гришиным бжьигъэр кьызэIуихащ.

Ар ди щIалэхэм я дежкIэ щIэхъхуэщхуэт. АрщхьэкIэ судьям ар щэчыгъуафIэ кьащищIащ - етIуанэу дагъуэ хуищIри, абы джэгум хихуащ «Амкар»-м и гъуащхьэхъумэ Сираковыр. Идкъ «Спартак-Налшыкыр» сихьэт ныкъуэм щIигъукIэ зы футболисткIэ нэхъыбэу джэгунт. Ущыгугъ хьунт адэкIэ ди Iуэхур нэхъ кьикIыну. АрщхьэкIэ, дэнэ?!

Хэгъэрейхэм я тренер нэхъыщхьэ Рахимовым псынщIэ дыдэу и футболиститI ихьуэжащ икIи и Iуэхур кьиртэбгъэкIащ. Абы ди щIалэхэр зэгъэхъужащ кьыщIэкIащ. Бжыгъэр зэхуэдэ ящIыжьфыну абыхэм Iэмал гъуэгуанэ щаIар 85-нэ дакьикъэращ - Концедаловым гугъэ зыгъэгъуэтащ. Гуп гришиным кьригъэгъэзащ.

Джэгум хухаха зэманыр ихуагу иджыри дакьикитху судьям кьыщIигъуэ пэтми, налшыкдэсхэм ар кьахуэгъэсэбэпащ. Арати, аргуэрыжьу кьыхагъэщIауэ зи чэзу зэIущIэр ихуащ.

Ихуащ зэхъэзэхуэм и я нэхъ кIуэкIыгъуэри. Абы ди щIалэхэм щIэзыIэрагъэхъащ очкощIу кьудейщ икIи турнир таблицэм и кIэух увыпIэр быдэу яIыгъащ. «Спартак-Налшыкыр» премьер-лигэм зэрэхэт илъэсыкIэ урипльэжмэ, ар нэхъ Iей дыдэщ.

Премьер-лигэм щекIуэкI зэхъэзэхуэм и я нэхъ кьеIуэкIыгъуэм пазэнэгъэр щиубыдащ **ЦСКА**-м. Апхуэдизэ ехъулIэныгъэ зиIэхэр иужьрей илъэсхэм икIэм-икIэжьым кьэралым и чемпион хъу хабзэщ. Мы гъэм зэхьэзэхуэр кьеIуэкIыгъуищкIэ зэрекIуэкIыну къэпльытэнэ, абы зэхъэзэкIыну я иIэнкIэ хъунущ, ауэ ЦСКА-р иджыпсту зэрыгуп лъэщыр нэрылъагъущ. Мис аргуэриу ар **3:1-уэ** текIуащ Мэскуу и **«Локомотив»**-м.

Мы джэгугъэм Самарэ хъэдыгъуэдахэ кьыщыхьауащ. Мэхъэчкъалэ икIа **«Анжи»**-м **0:3-уэ** хигъащIэ хэгъэрейхэм кьадэщI гъэрым хьэщIэхэм я капитан, Бразилием ирашащ Диньерпсо чемпионыр Карлос Робертэ банан кьриутIыпщащ. Ар номинхэм я щхьныгъуэ кьалъытэри, зи фэр фIыщIэ щIыхуэмэ куатэ зыхьащIэ. Абы и уажькIэ Кардпоо: зиIэгъэрэ, зэIущIэр имыуохьу, джэгупIэ губгъуэм къикIыжащ. Мы Iуэхур икIэщIыпIэкIэ зыхъэзыгъэкIыну гуп дыгъуасэ Мэзкуу щыщхуащхьащ икIи «**Крылья Советов**»-м тезыр тKIий тралъхьэну загъэхьэзэщ.

Зэхьэзэхуэм и епщыкIутхуанэ джэгугъэм кьрикIуа адрей бжыгъэхэм я гугъу пщIымэ, мис ахэр: «**Краснодар**» (Краснодар) - «**Тэрч**» (Грозный) - **0:2**, «**Зенит**» (Санкт-Петербург) - «**Кубань**» (Краснодар) - **1:0**, «**Рубин**», (Къазан) - «**Волга**» (Новгород Ищхьэрэ) - **2:0**, «**Томь**» (Томск) - «**Ростов**» (Дон Iус Ростов) - **1:1**, «**Спартак**» (Мэскуу) - «**Динамо**» (Мэскуу) - **0:2**.

Мэкъуауэгъуэм и 26-м зэпеуэм и етIуанэ къекIуэкIыгъуэм щIедзэ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Самарэ щыIущIэнущ щIыпIэ «Крылья Советов»-м.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Шухьэиб и щIэныгъэхэм хуэдэ зиIэ псом щыщи мыбдежьым кьэнжауэ Хэкум исхэщ. Ар хэкурысым и Iыхьэр кьытIыхьынту кьэкIуэжа щыIэгурэ псэкIэ лъэпкъымрэ Хэкумрэ зыхищIэу, нэхъыфIыр кьыхихауэ аращ.

Мы къэралым ущыпсэунымрэ нэхъ гугъуу щыщытам щыгъуэ унагъуэ зыщыпIа дыкъэкIуэжащ. А зэманым узыхуей псом и мыбдеж щыбгъуэтэжащ. Уи лэжьыгъэми кьыпэкIуэр машIэт. Сыт хуэдэу щымытми, гугъуехьыр нэхъыбэт. Абы щхьэкIэ дэ дыкъэкIуэтыжакъым икIи дыкIуэжакъым. Мыр дэ ди Хэкути, дыкьынэжауэ дыщопсэу, зы махуи дыщIеуэжакъым. Зыгуэрым игъэзэжащ жыпIэу, абы Iуэхур тепфIеижьыр. Мамыру дунейм тетын хуейщ. Сэ си зэран зыгуэрым ебгъэнэжащ щыгъуэ сэ сыбжькъым.

Щыхуэр мамыру дунейм тетын хуейщ. Сэ си зэран зыгуэрым ебгъэнэжащ щыгъуэ сэ сыбжькъым. Щыхуэр мамыру дунейм тетын хуейщ. Унагъуэм щыщ зым псалъэтI фIэкIа кIыримыхьу щытми, а унагъуэм ихьэн хуейщ а газетыр. Ди жагъуэ зэрыхьэщи, тиражымрэ Къэбэрдейм ис адыгэжэм я бжыгъэмрэ зэхуэкIуэркъым. Мыбы фIыгъуэ хуэд кьызыхэпхьи кьытоху, ди блэкIами, ди кьэкIуэнми, нобэ зэрыщытми ягъуэуэ-куэдIэ сабиим хьунущ мыр. Ар зы лъэныкъкIуэщ. Адрей лъэныкъэкIэ, бзэр бгъэшэрыуэфу, хуиту зыгуэрэхэр тIхьифу ухъун щхьэкIэ, куэдрэ уеджэн хуейщ. Ар Iэщыбэ зэращIар си жагъуэщ. ЩыхьэщыкIуэ ирикъуа щхьанIэм накIуэхэрэ «Ленин гъуэгум» Iэ трыдагъадзэрт. Ауэ традзэтэрджэгуэхэр псори адыгэбзэщ зэрыпсалъэр, ар си гуапэ дыдэщ. Ар хамэ кьэрали щыпIалъгунукъым, кьаIэхэми нэхъыбэм щыпсалъэнукъым. Мыбдеж и нэхъыфI дунейм теткъым жысIэу сыщыщдэсыр аращ.

Лъэпкъымрэ динымрэ

АЛЫХЬТАЛЭМ псори кьыщигъэщIакIэ, мы дунейм бзэуэ тетыр щыIуэм езытари араксэ? НтIэ, сэ кьыщита бзэм сельэпаэу, нэгъэущI бзэ кьэсэн тэну сыхущIэкъуу щытмэ, Алыхьым сыпэщIэувэу аращ. Алыхьталэр хуейуэ щытмэ, мы дунейм щIыхуу тетыр зы бзэкIэ псалъэу ищIыфынутэкъэ? ХуэщIынут. Къурэным щыжеIэ: «Сэ мыпхуэдиз лъэпкъыр кьыщIэзгъэщIар фIыззрыцIыхьуу, фIыззэдIэпIыкъуу, фIыззэдзажьу, фIыззэдзэпсэуу, мамыру дунейм фытетын хуейуэ аращ». НтIэ, абы дедалуэу щытмэ, лъэпкъ гугъэ Iумпэм щIын хуейкъым. Япэрауэ, уи щхьэр фIыуэ лпъагъун хуейщ, гъунэгъур пльагъун щхьэкIэ. У и унагъуэр умыльагъуу, уи гъунэгъур пхуэпльагъунукъым. Гъунэгъур пльагъурэ - адэкIэ щыс гъунэгъури пльагъунущ. Лъэпкъыр апхуэдэ кьабзэщ: укIуатэурэ укIуатэурэ, дуней псор фIыуэ пльагъуу мэхъу. Щыхуэхэр фIыуэ щыпльагъум и деж, дунейм мамыру гъэщIэну ухуейу мэхъу.

Ди къэралым республикэм кьыщеIуэкI къэхъукъащIэхэм хуэдэ иджыпсту дуней псомкьыщоIуэкI. Америкэми, Европэми, Азиеми. СщIэрыкъым абы фIэсщIынур. Е щыуагъэр кьэзыпхуахэм я деж кьыщежьа, е политикэ екIуэкIым кьыхиха, кIа, сытми, узыр-хуэм щыкIуэрэ нэхъ ин хъуурэ, дызыхуэмеим хуэкIуац. Узыр кьыщежьэм и деж, абы елэжьын хуейщ. Пэжыр къагурыгъэ хуейщ щыхуэм.

Совет зэманым сыщыпсэуащ зэ ильэс пщыкIэгъу-пщыкIухкIэ. Абы щыгъуэ сабиийхэм гъэсэныгъэ гуэрхэр иратырт. Идкъэпсту хуэдэу унагъуэхэр зэт екъутатэкъым: зыр Москва щылажьэу, адрейр Петербург щыIэу, сабийр жыгым хуэдэу кьэхъуу, дэнэкIэ кIуэми хьууэ. Псори Хэкум щIэлажьэжырт. Сабийр ягъасэрт Хэкур, лъэпкъыр фIыуэ илъагъуу. Дунейм и Iофlагъри и дагъэ зыхиущIэу, балигъ щыхъум деж кьыхихину гъуэгур есым ищIжырт. Мы ильэс тIощI блэкIам зыкъом зэхигъэзэрыльхьащ. Иджы ноби тIыпагъуэр а зэманым ьхэ хьуахэм я Iуэжьщ. Мис а зэман зэхъэзэрыхьыгъуэм къэхъуа сабийхэращ иджыпсту нэхъыбэу щIыуэр.

Ди жагъуэ зэрыхьущи, мы къэралым абы хуэфащэ лэжьыгъэ ирихьэлIэу сэ сыбжькъым. Телевиденэри, радиори, газетри хуэзщIэзгъэIуэн хуейщ. ЩытыкIэм фIыкIэ зегъэхъужьыным щхьэкIэ, нэхъыбэу телевиденэм и Iэмалхэр къэгъэсэбэпыпхъэщ. Идкъыпсту газет еджэзэр машIэ хуэщI, ауэ т елевизорэр унагъуэ кьэс яIэщ. Мы уэрэд дызыщуам кьыпыкIыу, нэхъыжь губзыгъэхэм, щIэныгъэзэкIэхэм я Iуэхур телевизорым кьыратьхьэн хуейщ. Ятэм щыIаш «ХьэщIэщ» нэтынщ, «СIоI хъурейхэр» щыIащ. Ахэр нэхъыбэ щIын хуейщ. ЩIыхуэхэр гъэпсэлъэн хуейщ. Ди щIэныгъэлIхэри, щIыху гъащIэ зыльэгъуа, Iуэхум хэзыщIыкI нэхъыжьхэри нэхъыбэрэ зэхуэшIэсауэ, мыхъумыщIагъэр утыкум кьихьэн хуейщ. Армырамэ, кьэгъазэ жепIэкIэ, щIыхум кьыпхуегъэгъэзэжынукъым. КъарукIэ зыри пхуещIэжьынукъым. ГубзыгъагъэкIэ, бгъэдыхьэ дахэкIэ а щыуагъи IэщIыб щIыну дыхьэрыхуэжепIэр, кьиитгъэзэжу щыху хъужыну дыхьэрыщIыгъыр - псоми тепсэльыхьэнымрэ, армырамэ, уе ухьэкIэкхъуэкIэщ хъунущ.

Дэтхэнэри еши и пъэпкъым нэхърэ нэхъыфI дунейм темыту кьелъытэ. И Хэкум нэхъэ нэхъ дахи дунейм тетэну ебж. пшахъущыыкъым исми, Швейцариемрэ щыпсэуми, хэти. Щыху тэмэмыр ращ зэрыщытын хуейр. И Хэкур, лъэпкъыр фIыуэ илъагъун хуейщ.

Иджы диным теухуауэ. ХэгъэзыхькIэ кьэхъащта дин сыхуейкъым жеIэ Алыхьталэм. Щыхуэм езым и фIэщхъуныгъэкIэ кьищтэн хуейщ диныр. И фIэщ мыхъуу щытмэ, абы жьыжь нигъэсынукъым ар. Дин Iуэхумрэ хабзэмрэ зэхъэзэгъэзэрыхьыр кьэдщ. УрохьэлIэ адыгэм и гъащIэ псор мусульмэн диным епхауэ щыгъуэ кьызыщыхь. Мусульмэн диным и пэкIэ чристэн диным итащ адыгэхэр, ауэ иджыпсту нэхъыбэр дымусульмэнщ. Чристэну мы мэздэгу лъэныкъуэхэращ щыIэр. Исльамыр псом яужь кьэкIуа динщ. Псорн мусульмэн фыхъунщ жиIэкъым. Хуейм и диныр иреIыгъыж, ауэ мусульмэн диным зэран фыкъыхуэмыхьу. Дэрэ зэран дыфхуэхъурыкъым. Бегъымбарым и зэманми журтхэм я диныр зыIыгъаи щыпсэуащ Мэчэрэ Мадинэрэ, чристэни дэсащ. Зыри нуклякъым абы щхьэкIэ, зыри хигъэзыхьакъым. ФфIэфIу фыкъихьэрэ си диным - фызигъэсщ, ффIэмыфIмэ - фи Iуэхужщ. Мис абыхэм дегупсыспхъэщ, щIэблэмэ гу лъедгъэтапхъэщ.

Зыгъэхьэзырар

ЖЭМЫХЪУЭ Марьянэщ.